

Pouvwa elektè Vil New York yo nan 2021

PLIS CHWA,
PLIS VWA

VÒT CHWA KLASE VINI NEW YORK


Ane sa moun New York ap genyen yon nouvo fason ki senp pou yo vote nan eleksyon lokal pou ofisyèl nan eleksyon nòmal ak eleksyon espesyal pou Majistra, Kontwolè, defansè Piblik, Prezidan Minisipalite ak Konsèy Vil la.

MEN KI JAN POU RANPLI NOUVO BILTEN AN

Council Member Rank up to 5 choices Mark no more than 1 oval in each column	選擇 Choice Opción	選擇 Choice Opción	選擇 Choice Opción	選擇 Choice Opción	選擇 Choice Opción
Miembro del Consejo Clasifique hasta 5 opciones Marque no más que 1 óvalo en cada columna	1st	2nd	3rd	4th	5th
市議員 等級由5個選擇決定 標記沒有比1長圓形在每個專欄					
Zion King 錫安 金	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Flynn Anderson 弗林 安德森	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>
Reese Clark 瑞絲 克拉克	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Farah Bailey 法拉 貝利	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>
Write-in candidato por escrito 寫入未列名候選人	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>


SONJE

Ranpli yon sèl oval pou chak kolòn



Vòt ou gen plis pouvwa si ou ranpli yon oval nan chak ranje, pa egzanp klase yon kandida yon sèl fwa

Ou kapab klase mezi kandida ou vle, jiska 5 kandida ou ta ajoute



- Kòm toujou, si w'ap klase vòt ou, ou byen w'ap vote yon sèl kandida, ranpli premye oval la sou bò dwat premye kandida ou chwazi a
- Pou bay vòt ou a plis pouvwa, chwazi yon zzyèm kadida, epi ranpli zzyèm oval la sou bo dwat la
- Kontinye jis ou klase tout 5 kandida ou chwazi yo

POU KISA VÒT CHWA KLASE A? (VCK)

VCK bay moun kap vote a pouvwa pou klase kandida. Anplis premye kandida a, ou kapab chwazi yon 2zyèm, 3zyèm, 4yèm, e 5yèm kandida pou sizanka. VCK bay moun kap vote plis vwa pou plis chwa.

- Ou toujou kapab vote chwa ou pi renmen an premye
 - Ou vote pou kandida ou pi renmen a an premye sou baz prensip ou ak espwa ou genyen.
 - Pa gen kè sote anko nan diviszye vòt ou pou kandida ou vreman pa renmen an genyen eleksyon an.
- Kandida dwe pale ak tout moun ki ka ale vote yo, pa sèlman moun ki pral vote ke li byen konnen.

**RANK
THE
VOTE NYC**

Pou plis enfomasyon avek yon video ki ka ba ou plis esplikasyon, vizite sit entènèt RankTheVoteNYC.org

VÒT CHWA KLASE VLE DI:

Plis Pouvwa

pa pou yon ti gwoup moun sèlman, men pou tout moun vil New York

Plis Vwa

paske klase kandida fè plis enpak

Plis Chwa

pou moun vil New York, lè yo kapab vote pou yon sèl moun ou byen klase jiska 5 moun pou yon wòl lokal

Dat Enpotan Pou Primè Nan Mwa Jen

Mande pou bilten vòt pa lapòs

Vòt davans la ap komanse **Samdi 12 Jwen – Dimanch 20 Jwen.**

Tcheke biwo vòt yo asiyen an

VCK kesyon moun konn poze

Ki wòl ki selekte pou vòt chwa klase?

Komansè 2021 moun k'ap vote nan vil New York ap gen chans pou yo vote pou wòl sa yo padan vòt chwa klase le eleksyon nòmal ak eleksyon espesyal:

- **Majistra**
- **Kontwolè**
- **Defansè piblik**
- **Prezidan Minisipalite**
- **Konsèy vil la**

Eske klasman ap bay premye kandida mwen chwazi a pwoblèm?

Non. klasman pap bay premye kandida mwen chwazi a pwoblèm

Eske mwen kapab vote yon sèl moun plizyè fwa?

Wi, men vòt ou a gen plis pouvwa si ou klase li. Klase yon kandida nan primye, dezyèm, twazyèm plas se kòm si ou kite 2zyèm, 3zyèm oswa plas sa yo vid. Ou pa bay yon kandida plis chans poul genyen si ou vote pou li plis ke yon fwa.

Ki jan yo kontwole si yon kandida genyen?

Pou komansè, tout vòt premye chwa yo konte avan. Si yon kandida jwen 50%+1 nan vot premye chwa, li genyen. Sinon, bilten vòt yo konte youn apre lòt. Nan chak tou, yo elimine kandida ki gen mwens vot yo. Bilten pou kandida sa yo konte pou pwochen chwa elektè sa yo. Tou yo kontinye. Jij yo ap kontinye jiskaske yon jwenn ki kandida ki genyen nan de dènye kandida yo. Pou plis detay:

Resous:

Tcheke enskripsyon votè ou, mande yon bilten vòt pa lapòs, epi chèche sit biwo pou vote bonè jou vòt ak eleksyon an: [vote.nyc](https://www.vote.nyc)